



**Nòt Pou Pran Plis Aksyon**  
**Non konfirmasyon Pwovizwa (TNC)**  
**(Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA) ak Department Sekirite Nasyonal Ameriken (DHS))**

**For SSA Field Office Staff: use EV-STAR and see POMS RM 10245.005ff**

Siyati, Prenon Anplwaye a	Nimewo Sekirite Sosyal Anplwaye a
Nimewo A- Anplwaye a	Mwa/Ane Anplwaye a Fèt
Dat Yo te Non konfirmasyon Pwovizwa	Nimewo Verifikasyon Ka
Poukisa Nòt sa a:	

Patwon ou, [NON PATWON AN], partisipe nan E-Verify. E-Verify konpare enfòmasyon ou bay sou Fòmilè I-9 la (Verifikasiyon Kalifikasyon pou Travay) avèk dosye yo nan Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA) epi ak nan Depatman Sekirite Nasyonal (DHS) pou konfime ou otorize pou travay nan peyi Etazini.

**Poukisa ou te resevwa nòt sa a:**

Ou te resevwa Nòt pou Pran Plis Aksyon sa a nan men [NON PATWON AN] paske li sanble kèk nan enfòmasyon patwon ou te antre nan E-Verify la pa matche ak dosye DHS ak SSA genyen kounye a pou ou. Sa a pa nesesèman vle di ou te bay patwon ou enfòmasyon ki pa kòrèk, oswa ou pa otorize pou travay nan Etazini. Gen plizyè rezon ki ka fè enfòmasyon ou yo pa ka matche - ou ka li plis sou rezon sa yo sou entènèt

(<https://www.uscis.gov/e-verify/employees/tentative-nonconfirmation-overview> ).

Apre sa, w ap bezwen pran kèk aksyon anvan E-Verify ka kite patwon ou konnen ou gen otorizasyon pou travay nan peyi Etazini.

**Ki sa ou bezwen fè:**

- Revize enfòmasyon ou yo ki nan tèt paj sa a.** Fè [NON PATWON AN] konnen si gen nenpòt erè. Patwon ou an pral kapab fèmen dosye sa a epi mete enfòmasyon ou nan E-Verify ankò ak enfòmasyon ki kòrèk la, petèt li kapab rezoud ka sa a. Si enfòmasyon ou kòrèk, ale nan etap 2 a.
- Deside si ou vle pran aksyon pou rezoud ka sa a.** Si enfòmasyon ou yo anwo a kòrèk, lè sa a ou ka chwazi pou pran aksyon pou korije dosye ou pou dosye DHS ak SSA yo montre ou gen otorizasyon pou travay nan peyi Etazini.

Si ou deside pa pran aksyon pou rezoud ka sa a, E-Verify pap kapab konfime si ou gen otorizasyon pou travay nan peyi Etazini epi patwon ou ka revoke ou.

Pou enfòmasyon sou dwa ak responsabilite anplwaye, ale sou [www.uscis.gov/e-verify/employees/employee-rights-and-responsibilities](https://www.uscis.gov/e-verify/employees/employee-rights-and-responsibilities).



## **Pran aksyon pou rezoud yon ka:**

Ou gen **8 jou kalandriye travay Gouvènman Federal** pou pran aksyon (vizite yon biwo satelit SSA EPI kontakte DHS) apati dat patwon ou an voye ka w la nan E-Verify. Patwon ou dwe ba ou yon Referans Dat Konfirmasyon, ki pral fè w konnen nan ki dat ou dwe vizite SSA epi kontakte DHS.

### **Vizite Biwo Satelit SSA:**

Pou pran aksyon pou kòmanse rezoud ka sa a, rele biwo satelit SSA pou mete enfòmasyon ou ajou. Si w ap viv nan yon zòn kote genyen yon Sant yo fè Kat SSA, ou **oblige** ale nan Sant yo fè Kat la. Pou konnen kote ki gen yon biwo SSA, ale sou sit [www.socialsecurity.gov/locator](http://www.socialsecurity.gov/locator), oswa rele SSA nan 800-772-1213 (TTY: 800-325-0778).

Pote Nòt pou Pran Aksyon sa a avè w lè ou vizite SSA a. Di SSA ou gen yon pwoblèm E-Verify.

SSA pa ka mete dosye ou ajou san yon prèv ke yon chanjman nesesè. Anba a gen egzanp dokiman yo ou ka bezwen pou bay prèv laj, idantite, chanjman non, ak estati sitwayènte ou. Pote dokiman orijinal, **pa** fotokopi:

- Prèv laj ou: yon batistè oswa paspò
- Prèv idantite w: lisans chofè oswa paspò
- Prèv yon chanjman non legal: yon sètifikasi maryaj, si non ou gen kounye a pa sou kat SSN ou a
- Prèv yon estati sitwayènte Ameriken oswa otorizasyon pou travay:
  - o Si ou se yon sitwayen Ameriken - yon Sètifikasi Natirализаyon, batistè Ameriken (U.S.), oswa paspò Ameriken (U.S.), oswa
  - o Si ou pa yon sitwayen Ameriken - yon Kat Rezidan Pèmanan (Fòmilè I-551), Dokiman Otorizasyon pou Travay (Fòmilè I-766), oswa Kat Rantre-Sòti (Fòm I-94) ki montre estati otorizasyon pou travay

### **Kontakte DHS:**

Pou pran aksyon pou rezoud ka sa a, rele DHS nan 888-897-7781 (TTY: 800-877-8339). Yon reprezantan pral ede ak detay yo nan ka w la.

Kite Nòt pou Pran Aksyon sa a louvri lè ou rele DHS, pou ou ka bay li kòm referan. Reprezentan DHS la ka mande w enfòmasyon oswa dokiman anplis pou rezoud ka w la. Si w bezwen èd nan yon lòt lang, asire w ou mande pou yon entèprèt.

Pou cheke nan ki pwen dosye ou ye, ale nan myE-Verify nan  
<https://selfcheck.uscis.gov/SelfCheckUI/CaseTracker>

**Tanpri endike anba a si wi ou non ou gen entansyon diskite ka sa a.**

<b>Mwen chwazi pou: (cheke yonn)</b>			
<input type="checkbox"/>	Mwen pral pran aksyon pou rezoud ka E-Verify sa a. Mwen konprann mwen genyen jiska ____ pou pran aksyon.		
<input type="checkbox"/>	Mwen pap pran aksyon pou rezoud ka E-Verify sa a. Mwen konprann si mwen pa pran aksyon E-Verify pap kapab konfime ke mwen otorize pou travay nan Etazini epi patwon mwen an ka revoke mwen.		
Siyati Anplwaye		Dat	